



Demen, 20 janvyè se dènye jou pou aplike pou kindergarten!

Chè fanmi,

Demen **20 janvyè** se dènye jou pou aplike pou kindergarten. Pa bliye—ou kapab ajoute pwogram kindergarten pou elèv ki gen don ak talan (Gifted & Talented, G&T) nan menm aplikasyon sa a. Si w gen yon timoun ki fèt an 2018, asire pou voye yon aplikasyon ale kounye a!

Èske ou aplike deja nan kindergarten? Si se sa, ou pa gen anyen pou fè ankò.

Si se pa sa, aplike nan delè demen a nan youn nan twa fason yo:

1. Sou entènèt [MySchools](#) avan 11:59pm. Chèche pwogram kindergarten, ajoute jiska 12 pwogram nan aplikasyon pitit ou a, epi aplike lè w klike sou bouton "Soumèt aplikasyon an" ("Submit Application")—lè w wè konfetti yo, w ap konnen nou te resevwa aplikasyon w lan.
2. **Pa telefòn** nan 718-935-2009 avan 6pm.
3. **Kontakte yon Sant Byenveni pou Fanmi** avan 3pm. Aprann kòman nan [schools.nyc.gov/FWC](#).

Nou pale lang ou pale a! Si w aplike sou entènèt, aplikasyon an disponib an anglè, arab, bengali/bangla, chinwa, fransè, kreyòl ayisyen, koreyen, ris, panyòl oswa oudou. Pa telefòn oswa anpèsòn, entèpretasyon disponib nan plis pase 200 lang: asire w ke ou mande yon entèprèt.

Si w gen kesyon, nou la pou nou ede. Rele nou (gade pi wo a) oswa voye yon imèl nan ESenrollment@schools.nyc.gov. Ou ka jwenn plis enfòmasyon tou sou admisyon sou [sitwèb nou an](#).

Bon siksè,

Ekip Admisyon Kindergarten lan

Èske se youn zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w ou mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan kindergarten nou an nan [schools.nyc.gov/SignUp](#).

Si w pa vle resevwa imèl ankò nan youn oswa nenpòt lis imèl nou yo, tanpri klike [la a](#) pou retire non w.